

# 1 ak 2 Timote



## PREMYE LÈT POU TIMOTE

### **PREMYE KOZE**

De lèt pou Timote yo ak lèt pou Tit la fè yon blòk espesyal pami lèt Pòl yo. Yo pa ekri yo pou yon moun an patikilye, men pou yon kominote. Yo bay kèk gwo prensip pou reskonsab kominote a ak manm li yo swiv nan konpòtman yo ak nan sèvis Bondye. Epi pou montre yon seri lerè tou patizan Jezi Kri yo dwe evite. Depi dizwityèm syèk yo rele lèt sa yo: Lèt pastoral yo, ki vle di lèt ki bay gadò yo, pastè yo, konsèy pou yo dirije kominote a.

### **Ki moun Timote ye?**

Timote se te patizan Jezi Kri ak kolaboratè Pòl. Non li parèt nan prèske tout lèt yo.

Nou li nan Travay Apot yo: «*Yo desann Dèbe epi Lis. Te gen la yon patizan yo rele Timote, pitit yon madanm ki yon fidèl Jwif, men papa li se yon grèk. <sup>2</sup>Frè ki abite Lis ak Ikonyòm yo te bay bon rapò sou li. <sup>3</sup>Pòl te vle l ale ak li. Konsa li pran l, li fè sikonsizyon pou li akòz Jwif ki te gen nan zòn sa a, paske tout moun te konnen papa l se yon grèk. <sup>4</sup>Antan yo t ap travèse vil yo, yo lage nan men yo desizyon Apot ak Ansyen yo te pran Jerizalèm nan, pou yo swiv.*» (Travay 16,1-3).

## 1 TIMOTE

Nan dezyèm vwayaj misyonè li a Pòl te pran Timote kòm asosye pa l pou yo fè misyon ansanm. Antan Pòl kontinye vwayaj li, akòz pèsekisyon yo te deklantche kont li, Timote te rete Bere (Travay 17,14s.), epi apre sa li te al rankontre Pòl Korent.

Yo te mande pou l ale Masedwàn anvan twazyèm vwayaj Pòl la (Travay 19,22) e li te ak ekip misyonè Pòl la nan finisman twazyèm vwayaj la (Travay 20,4). Timote te rete kòm reskonsab Legliz Efèz la.

Timote se te pi gwo asosye Pòl te genyen. Li te konsidere Timote menm parèy ak li (Filip 2,19-23). Poutèt sa, Pòl te konfye l anpil misyon nan kominote yo. Non li parèt 24 fwa nan Nouvo Testaman an.

Premye lèt la mande ak fòs pou Timote fè misyon li te resevwa nan Kris la ak kouraj, apre yo te fin poze men sou tèt li. Li ankouraje l pou li anonse Bon Nouvèl la, pou li pran defans laverite a (1Tm 1,3.30) pou li òganize sèvis lapriyè (1Tm 2,1.15) epi pou li tounen bon gadò mouton. Li dwe ankouraje moun yo, pini yo, korije yo ak respè ak nan renmen toutbon. Yon bagay ki enpòtan anpil se sa lèt la montre Timote sou moun ki renmen lajan an (1Tm 6,1s). Epi nou wè kouman yo te kòmanse teyoloji sou sèvis nan Legliz la.

Enpòtans Premye lèt pou Timote a se temwayaj istorik li ban nou sou òganizasyon Legliz la depi nan mitan premye syèk la rive nan finisman l.

### *Eske se Pòl ki te ekri lèt sa a ?*

Gen kèk moun ki panse jounen jodi a, se patizan Pòl ki te ekri lèt sa a apre lanmò l. Yo di yo te ekri l bò lane 90-95. Gen kèk rezon ki fè kèk moun kwè se pa Pòl ki te ekri lèt sa a. Gen anpil mo ladan l nou pa jwenn nan lòt lèt Pòl yo. Epi se jan li pale sou lafwa ki pa an rapò ak yon moun yo dwe obeyi, Kris la, men ak yon laverite yo dwe kenbe (1Tm 4,1 ; 6,20-21). Lèfini, li mande pou yo fè « bon zèv » (1Tm 2,10 ; 5,10-25), li pa bay renmen an ak Lespri Sen an menm plas yo genyen nan lòt lèt yo. Se vre, men gen anpil bagay tou nou jwenn nan lèt sa a ki menm ak sa nou jwenn nan lòt yo, pa egzanp, se Jezi Kri ki sove tout moun (1Tm 1,12-17), e se gras a lafwa li sove nou (1Tm 1,16). Konsa ak anpil nèg sabe Bib nou kwè li byen posib se Pòl ki ekri lèt la, men nan sikons-tans ki pa menm ak sa nou jwenn nan lòt lèt yo. Lè sa, nou kapab sipoze li te ekri l apre premye kout prizon li te pran Wòm, sa vle di apre lane 63, anvan dezyèm lèt pou Timote a.

### *Men chapant premye lèt pou Timote a :*

1. Bonjou (1,1-2)
2. Avètisman pou fo bagay y ap montre yo (1,3-11)
3. Kè sansib Bondye pou Pòl (1,12-20)
4. Lapriyè pou tout moun (2,1-7)
5. Konpòtman moun yo (2,8-3,1)
6. Moun ki dirije kominote a (3,1-7)
7. Dyak yo (3,8-13)
8. Laverite Bondye te montre nou nan Jezi Kri (3,14-16)
9. Avètisman pou fo bagay y ap montre yo (4,1-16)
10. Konpòtman anndan kominote a (5,1-6,1)
11. Richès toutbon an (6,2-10)
12. Konsèy pou Timote (6,11-19)
13. Orevwa (6,20-21)

**Bonjou**

**1** Pòl, apot Jezi Kri, dapre lòd Bondye Sovè nou, ak Jezi Kri les-pwa nou, <sup>2</sup>pou Timote, yon pitit tout-bon vre nan lafwa: favè, kè sansib ak kè poze ki sòti nan Bondye Papa a, ak nan Jezi Kri Granmèt nou an.

T Ap  
16,1;  
Tit 1,4

**Atansyon ak pawòl ki pa laverite**

<sup>3</sup>Konsa, lè mwen t ap pati al Masedwàn, mwen te mande w pou w rete Efèz, pou w pase kèk moun lòd pinga preche yon lòt pawòl, <sup>4</sup>ni pinga kole sou istwa ak lis zansèt ki san bout. Bagay konsa mennen plis nan diski-syon vag, pase yo sèvi plan Bondye ki chita sou lafwa. <sup>5</sup>Sa lòd sa a ap chèche se yon renmen ki sòti nan yon kè pwòp, nan yon bon kalite konsyans, ak nan yon lafwa ki pa nan ipokrit. <sup>6</sup>Gen moun ki kite chemen sa a, yo pase sou kote, al lage kò yo nan pawòl ki pa gen sans. <sup>7</sup>Yo ta vle vin pwofesè Lalwa, san yo pa konprann ni kisa y ap di, ni kisa y ap defann.

Tit  
1,14;  
3,9

**Wòl Lalwa a**

<sup>8</sup>Nou konnen, Lalwa se yon bon bagay, si yon moun sèvi ak li jan sa dwe fèt. <sup>9</sup>Nou konnen sa tou, yo pa t mete Lalwa pou moun ki kòrèk, men pou sanzave yo, ak rebèl yo, pou moun ki pa gen krentif pou Bondye, ak pechè yo, pou moun ki san relijyon, ak moun ki derespekte Bondye, pou moun ki

Wm  
1,20

1Kor  
6,9;  
Gal  
5,23

touye papa ak manman yo, ak ansasen yo, <sup>10</sup>pou moun ki nan dezòd lachè, ak pou moun ki nan plezi gason ak gason, pou machann esklav yo, ak pou mantè yo, pou moun k ap fè fo sèman, ak pou tout lòt bagay ki pa kadre ak bon kalite prèch y ap montre yo, <sup>11</sup>dapre Bon Nouvèl glwa Bondye kè kontan an. Epi se mwen yo konfyè sa.

2Kor  
4,4

**Pòl di Jezi Kri mèsì**

<sup>12</sup>Mwen di Sila a ki ban mwen fòs la, Jezi Kri Granmèt nou, mèsì, paske li te wè mwen merite konfyans pou l mete m nan sèvis li, <sup>13</sup>mwen menm ki te konn joure l lontan, ki t ap pèsekite l epi ki t ap derespekte l. Men mwen jwenn kè sansib, paske mwen pa t konnen sa mwen t ap fè yo, nan kwè mwen pa t kwè a. <sup>14</sup>Favè Granmèt nou an pou mwen depase mezi, ansanm ak lafwa ak renmen ki nan Jezi Kri a. <sup>15</sup>Men yon pawòl serye epi ki merite yo aksepte l toutbon nèt: Jezi Kri vini sou tè a pou l sove pechè yo. Mwen se premye pami yo. <sup>16</sup>Men se poutèt sa mwen te jwenn kè sansib, pou Jezi Kri te kapab montre nan mwen, an premye, tout pasyans li genyen. Se kòm yon egzanp li bay pou moun ki ta pral kwè nan li yo, pou yo gen lavi ki p ap janm fini an. <sup>17</sup>Pou Wa ki wa pou toutan an, ki pa kapab mouri a, yo pa kapab wè a, yon sèl Bondye, glwa ak lonè pou li, pou toutan nètale. Amèn.

T Ap  
9,15;  
Gal  
1,15

Wm  
5,20;  
1Kor  
15,10

Lk  
15,2;  
19,10

6,16;  
Wm  
16,27

**1,3-7:** Lontan te gen moun ki te rete kwè y ap sove grasa anpil konesans, lis moun zansèt yo ak bèl pawòl yo. Lèt sa a di lavi kretyen an chita sou lavi ak chemen Jezi a. Jezi te montre nou kouman li vle pou nou viv, kouman nou dwe bay divès sityasyon yo repons nan renmen ak nan lafwa.

**1,8-9:** Lalwa Moyiz la te montre ki kote laverite a ye ak ki kote fòt yo ye. Konsa li te vle anpeche gwo dezakò pou enterè pèsònèl rive detwi rapò moun ak moun anndan sosyete a, paske bagay sa pral mennen moun nan chen manje chen ak nan lanmò. Men pwofesè Lalwa yo te fè Lalwa tounen yon jouk ki peze sou kou pèp la, sitèlman yo pa kapab sipòte l ankò. Men pou moun ki viv nan Lalwa Bon Nouvèl la, ki Lalwa

Granmèt Jezi Kri a, Lalwa jwif la pa gen sans ankò. Lalwa renmen an pi siperyè pase nenpòt lòt Lalwa, li pa fè moun tounen esklav, li fè moun vin lib nan kè kontan.

**1,10:** Sa vle di tout sa apot yo te montre sou Jezi Kri. Se prèch solid sa a ki chita sou temwayaj apot yo, Timote dwe sere epi pote bay moun ki nan kominote yo.

**1,12-16:** Pòl se yon egzanp vivan sa favè Bondye a ye. Li pa merite l, men li te jwenn li gratis nan men Bondye. Moun ki fè pati Pèp Bondye a se moun ki konnen sa favè ak padon Bondye a vle di.

**1,17:** Vèsè sa a ban nou yon ti lapriyè lwanj premye kretyen yo te konn fè.

**Poukisa Pòl pase Timote lòd**

<sup>2Tm</sup> <sup>4,7</sup> <sup>18</sup>Mwen pase w lòd sa a, Timote, pitit mwen, dapre pawòl pwofèt, yo te di sou ou anvan sa. Konsa, ak yo, w a antre nan bon batay la, <sup>19</sup>ak lafwa epi ak bon konsyans, sa kèk moun voye jete a, ki fè yo koule nan afè lafwa a. <sup>20</sup>Pami yo, ou genyen Imene ak Aleksann. Mwen lage yo nan men Satan pou yo aprann pa joure Bondye.

**Jan pou yo lapriyè**

**2** <sup>1</sup>Mwen ankouraje, anvan tout bagay, pou fè demann, lapriyè, mande favè, di mèsì pou tout moun: <sup>2</sup>pou wa a ak pou tout otorite yo. <sup>3</sup>Konsa, n a viv ak kè poze, trankil, nan renmen sèvi Bondye, ak nan diyite. <sup>4</sup>Se bagay ki bèl, e ki nan gou Bondye Sovè nou an: <sup>5</sup>li ki vle pou tout moun sove, e pou yo rive konnen laverite. <sup>6</sup>Reyèlman vre, gen yon sèl Bondye, ak yon sèl moun ki anchaje fè akò ant Bondye ak moun, moun sa a se Jezi Kri. <sup>7</sup>Se li ki bay tèt li pou peye delivrans tout moun. Prèy la parèt lè tan an te rive. <sup>8</sup>Se pou li yo mete mwen menm mesaj ak apot,—m ap di laverite, mwen p ap bay manti,—pwofesè pèp etranje yo nan lafwa ak nan laverite. <sup>9</sup>Konsa mwen vle pou mesye yo lapriyè toupatou, antan yo leve men yo anlè, men pwòp, san kòlè, san babye.

**Konpòtman medam yo**

<sup>1Pyè</sup> <sup>3,2</sup> <sup>9</sup>Menm jan tou mwen vle medam yo ranje kò yo ak rad byen fèt, senp e

respektab, san mete trè, bijou lò, bijou ak pèl, oswa rad chè, <sup>10</sup>men pito yo fè bon zèv. Se sa ki bon pou medam ki pran angajman sèvi Bondye.

<sup>11</sup>Medam yo fèt pou aprann san yo pa pale, tèt bese. <sup>12</sup>Mwen pa pèmèt pou yon madanm montre anyen, ni pou l kòmande mari l, men se pou l rete san li pa pale. <sup>13</sup>Reyèlman vre, se Adan yo te fèt an premye, Èv vin apre. <sup>14</sup>Se pa Adan yo te twonpe, men se fi a. Apre li fin pran nan pyèj, li tonbe nan peche. <sup>15</sup>Men l a sove nan fè pitit, si l rete nan lafwa, nan renmen, nan yon lavi sen ak yon konpòtman senp.

**Episkòp yo**

**3** <sup>1</sup>Men yon pawòl serye: si yon moun ap chèche vin episkòp, li lanvi yon bon travay. <sup>2</sup>Konsa episkòp la pa dwe gen anyen pou yo repwoche l, fòk li se mari yon sèl madanm, se pou li pa fè fò ni nan manje ni nan bwè, pou li yon moun serye, yon moun ki kondi tèt li byen, ki renmen resevwa moun, ki gen don pou li montre moun. <sup>3</sup>Fòk li pa twò renmen diven, ni renmen goumen, men fòk li yon moun dousman, ki pa nan chèche kont epi ki pa renmen lajan. <sup>4</sup>Li dwe mennen pwòp kay li byen, elve pitit li yo nan obeyisans, ak diyite. <sup>5</sup>Si yon moun pa kapab gouvènen pwòp kay li, kijan l ap kapab okipe Legliz Bondye a? <sup>6</sup>Fòk se pa yon moun ki fèk antre nan Legliz la, pou l pa kite lògèy fè l jwenn menm kondanasyon ak dyab la. <sup>7</sup>Fòk moun ki pa nan Legliz la bay bon temwayaj

**1,18:** Vèsè sa a fè Timote sonje pawòl yo te di sou li, lè yo te poze men sou tèt li. Se ak jès sa a, yo te konn bay moun yo misyon yo, e Lespri Sen an te ba yo favè pou yo ranpli misyon sa a (Travay 13,1-13).

**1,20:** *lage nan men Satan* vle di mete moun deyò nan kominote a. Se yon pinisyon yo konn bay moun ki fè gwo peche, pou li kapab rekonèt li te fè fòt. Epi konsa, li kapab tounen vin jwenn Bondye (1 Korent 5,5).

**2,11-15:** Fòk nou konprann sityasyon sosyal ak kiltirèl kote konsèy sa yo sòti. Nan epòk sila a

yo te wè fi yo enferyè gason yo. Sa yo montre la a sòti nan yon sistèm kote se gason ki kòmande. Lontan te gen kèk fo pwofesè ki te konn enpoze moun marye (An nou gade 1Tm 4,3), poutèt sa Pòl di fi a pral sove si li fè pitit.

**3,1-8:** Mo *Episkòp* la vle di sipèvizè. Nan premye kominote kreyen yo, se moun ki t ap gade kijan kominote yo mache. Se yon mo ki sòti nan lang grèk la e se nan li mo «evèk» la sòti. Men nan moman yo te ekri lèt sa a, sipèvizè yo pa t ko gen menm wòl evèk yo gen jounen jodi a.

sou li tou, pou l pa tonbe nan lawont ak nan pyèj dyab la.

### Dyak yo

Flp 1,1 <sup>8</sup>Menm jan tou, dyak yo dwe serye, moun ki pa gen de pawòl, ki pa renmen diven twòp, ki p ap chèche enterè malonèt. <sup>9</sup>Se pou yo kenbe mèvèy lafwa a nan yon konsyans pwòp. <sup>10</sup>Sila yo, y a sonde yo anvan, apre sa si yo san repwòch, y a kòmanse sèvi kòm dyak. <sup>11</sup>Menm jan tou pou medam yo, se pou yo serye, pou yo pa nan tripotay, epi pou yo pa fè fò ni nan manje ni nan bwè. Yo dwe serye nan tout bagay. <sup>12</sup>Dyak yo dwe mari yon sèl madanm. Se pou yo elve pitit yo byen epi menmen kay yo byen. <sup>13</sup>Reyèlman vre, sila yo ki fè sèvis la byen, se yon bèl grad yo bay tèt yo, epi yo jwenn anpil konfyans pou lafwa yo nan Jezi Kri.

### Mèvèy relijyon an

Ef2,19 <sup>14</sup>Mwen ekri w bagay sa yo ak lespwa rive bò kote w anvan lontan. <sup>15</sup>Si mwen ta mize, se pou w konnen kijan w dwe viv nan kay Bondye a, sa vle di nan Legliz Bondye vivan an, potomitan ak fondasyon laverite. <sup>16</sup>Reyèlman vre, ala bèl li bèl mèvèy relijyon an:  
Li te parèt nan yon kò.  
Lespri a te montre li kòrèk.  
Zanj yo te wè li.  
Yo te preche li nan mitan pèp etranje yo.

Jn 1,14;  
16,10;  
Wm 1,4;  
1 Pyè  
1,12;  
Mk  
16,19;  
TAp 1,9

Yo te kwè nan li sou tè a.  
Yo te leve li monte nan glwa.

### Fo pwofesè yo

**4** <sup>1</sup>Lespri a pale klè: nan dènye tan yo, pral gen moun ki pral vire do bay lafwa, pou yo kole kò yo sou lespri k ap twonpe yo, ak sou prèch demon yo, <sup>2</sup>poutèt mantè ipokrit yo ki gen pwòp konsyans yo tanpe ak yon mak. <sup>3</sup>Yo enpoze ni moun marye, ni sèvi ak manje Bondye kreye pou moun ki kwè yo, e ki konnen laverite a manje, antan y ap di mès. <sup>4</sup>Paske tou sa Bondye kreye bon. Anyen pa fèt pou voye jete, depi yo resevwa l antan y ap di Bondye mès, <sup>5</sup>paske Pawòl Bondye a ak lapriyè a fè l vin sen.

<sup>6</sup>Si w montre frè yo tout bagay sa yo, w a yon bon sèvitè Jezi Kri, ki byen nourri ak pawòl lafwa, ak bèl bagay yo montre w e ou te toujou swiv, pye pou pye. <sup>7</sup>Kanta istwa ki pa gen rapò ak Bondye, istwa vye grann, voye sa jete. Fè antrènman pou renmen sèvi Bondye. <sup>8</sup>Reyèlman vre, antrènman kò a pa sitèlman itil. Men renmen sèvi Bondye itil pou tout bagay, li gen pwomès lavi kounye a, ak lavi k ap vini an. <sup>9</sup>Se yon pawòl serye epi ki merite yo akseptè li toutbon nèt. <sup>10</sup>Se pou sa n ap redi, n ap batay, paske nou gen lespwa nan Bondye vivan an, li ki Sovè tout moun, espesyalman moun ki kwè yo.

Mt  
24,23;  
TAp  
20,29

2Tm  
3,1;  
1Jn 2,18  
Kol  
2,16

Jen  
1,31;  
1Kor  
10,31;  
Wm  
14,14;  
Mt 15,11

2Tm  
2,16

2,3

**3,9-13**: Wòl dyak la nan Legliz la se yon wòl enpòtan, ki mande respè, preparasyon ak yon lafwa solid. Gen kesyon sou medam yo, nan vèsè 11 lan. Kilès medam sa yo ye? Gen moun ki kwè se medam ki te konn ranpli wòl dyak tou (gade Wm 16,1). Gen lòt moun ki kwè se madanm dyak gason yo.

**3,15**: Dapre jan vèsè sa a ekri nan lang grèk, gen moun ki kwè li ta posib pou se Timote ki potomitan ak fondasyon laverite a. Men pi fò moun di se Legliz la ki jwe wòl sa a. Nou kwè se sa fraz la vle di nan lang grèk. Sa montre enpòtans Legliz la nan afè montre laverite.

**3,16**: Vèsè sa a se yon chante kretyen yo te konn chante nan reyinyon priyè yo. Gen moun ki di li pale sou mèvèy Jezi Kri a. Gen moun ki di se mèvèy Bondye te kache a. Men li ta posib nan tèt moun ki te ekri l se pou Jezi ak pou Plan

Bondye nan Jezi Kri a yo te chante l. Jezi ki te tounen yon moun vivan an te montre Plan Bondye a nan kò li, Lespri Sen an te montre jan li kòrèk nèt, epi tout kreyati, ni sa ki nan syèl la (zanj yo), ni sa ki sou tè a, moun wè jan li bon, epi moun ki sòti nan pèp etranje yo kwè nan li tou. Se tout lavi Jezi Kri ki mèvèy Bondye a.

**4,1-8**: «Dènye tan yo» se pa lafen tè a, se tan ki pase ant Leve Jezi pami mò yo ak dezyèm vini li a. Nan tan sa a pral gen anpil fo pwofesè k ap montre moun nenpòt ki vye bagay onon lafwa nan Jezi Kri. Te gen moun ki te meprize kò a, epi ki enpoze moun marye, yo te montre gen kèk manje moun pa kapab manje, epi fòk moun fè anpil penitans. Kretyen yo dwe konnen tout sa Bondye kreye yo bon, yo bèl e moun yo dwe sèvi ak yo epi se pou nou di Bondye mès pou tout sa li ba nou yo.

<sup>11</sup>Se bagay sa a pou w pase lòd fè epi pou w montre yo.

<sup>Tit 2,7</sup> <sup>12</sup>Pinga pèsonn manke w dega poutèt ou jenn gason. Men se pou w tounen yon modèl pou moun ki kwè yo nan jan w pale, nan konpòtman w, nan renmen, nan lafwa ak nan yon lavi pwòp. <sup>13</sup>Pou jis mwen rive, kenbe la : fè lekti, bay ankourajman, epi preche. <sup>2Tm 1,6</sup> <sup>14</sup>Pa neglije kado ki anndan w lan. Yo te ba w li ak pawòl pwofèt, yo te di sou ou a, e ak men gwoup Ansyen yo te poze sou tèt ou a. <sup>15</sup>Metete tout bagay sa yo nan tèt ou, plonje tèt ou ladan yo, pou tout moun wè w ap fè pwogrè. <sup>16</sup>Veye sou pwòp tèt pa w ak sa w ap preche. Kenbe fèm ladan yo. Nan fè w fè sa, w ap sove ni tèt pa w, ni moun k ap koute w yo.

#### Konpòtman Timote ak tout moun

<sup>Lev 19,32</sup> **5** <sup>1</sup>Pa fè yon granmoun gason repwòch di, okontrè se pou w ankouraje l tankou yon papa, jèjan yo tankou frè, <sup>2</sup>yon granmoun fi tankou manman, jèn fi yo tankou sè, ak yon konpòtman pwòp.

#### Konpòtman ak vèw yo

<sup>3</sup>Respekte vèw ki vèw toutbon vre. <sup>4</sup>Si yon vèw gen pitit oswa pitit pitit, avan tout bagay, se pou yo aprann fè devwa yo pou pwòp fanmi yo, pou yo renmèt paran yo sa yo dwe yo. <sup>Lk 2,37</sup> <sup>5</sup>Reyèlman vre, sa fè Bondye plezi. <sup>5</sup>Sa ki vèw toutbon vre a, e ki sèl pou kont li a, mete lespwa li sou Bondye, epi li rete ap fè demann ak lapriyè, lajounen tankou lannwit. <sup>Ap 3,1</sup> <sup>6</sup>Men kanta sila a ki nan pran plezi, li mouri tou vivan.

<sup>7</sup>Pase lòd sou sa tou, pou yo kapab san repwòch. <sup>8</sup>Si yon moun pa okipe moun pa l, sitou moun fanmi l, moun sa a trayi lafwa l, li pi mal pase moun ki pa gen lafwa. <sup>9</sup>Pou w mete yon vèw sou lis, fòk li pa gen mwens pase swasant lane, fòk li te madanm yon sèl mesye. <sup>10</sup>Fòk li bay prèv li, nan bon zèv : si li te elve pitit li yo, si li te resevwa etranje, si li te lave pye moun ki sen yo, si li te ede moun k ap pase tray, si li te mete tout kouraj li nan fè tout kalite bon zèv. <sup>11</sup>Pa aksepte jèn vèw yo, poutèt lè move lanvi ki ale kont Kris la pran yo, yo vle marye. <sup>12</sup>Yo kondane tèt yo, paske yo kase premye pwomès yo te fè a. <sup>13</sup>An menm tan tou, kòm yo pa gen anyen pou yo fè, yo aprann pwo-mennen nan tout kay. Non sèlman yo pa gen anyen pou yo fè, men anplis yo pale anpil, yo fouyapòt, y ap plede di sa yo pa dwe di. <sup>14</sup>Konsa mwen vle pou jèn vèw yo marye, pou yo gen pitit, pou yo mètrès kay, pou yo pa bay lènmi an okenn okazyon joure. <sup>15</sup>Gen kèk deja ki pran chemen kwochi dèyè Satan. <sup>16</sup>Si yon fi ki gen lafwa gen vèw nan fanmi l, se pou l ede yo, pou Legliz la pa gen twòp chay, dekwa pou l kapab ede vèw toutbon vre yo.

#### Konpòtman ak Ansyen yo

<sup>17</sup>Ansyen yo ki fè travay reskonsab yo byen, yo merite de fwa plis respè, sitou sila yo k ap fatigue kò yo nan pale ak nan preche. <sup>18</sup>Paske Liv la di konsa : « *Ou p ap mare bouch bèf k ap kraze ble a anba pye l.* » Li di tou : « *Travayè a merite lajan l.* » <sup>19</sup>Pa aksepte plent yo pote pou yon Ansyen, sòf si gen de ou

**5,3-16** : Nan epòk sila a te gen 3 kalite vèw : madanm ki te pèdi mari l men ki te gen fanmi pa l ki te soutni l, poutèt sa li pa t bezwen èd ki sòti nan kominote a. Madanm ki te pèdi mari l epi ki pa gen fanmi ki pou okipe li. Se li ki konte sou kominote a pou l viv. Te gen madanm ki te pèdi mari li, epi ki te mete tèt li nan sèvis pou kominote a. Li ta posib te gen kèk jèn madanm ki te pèdi mari yo, ki te vle travay pou Legliz la, men ki pa t kapab kenbe angajman yo te pran an.

Poutèt sa, yo mande yo pou yo serye nan travay yo fè, san sa, pito yo tounen marye.

**5,17-25** : Wòl reskonsab yo se dirije seremoni yo, e montre Pawòl Bondye a. Moun ki travay pou kominote a merite resevwa yon salè nan men kominote a pou li ka viv. Se pa nenpòt moun ki ka fè travay sa a. Kominote a gen dwa egzijè yo pou yo kenbe angajman an yo te pran.

Jn  
13,14;  
Eb 13,2

2Tes  
3,11

Tit 2,8

1Tes  
5,12

Dtw  
25,4;  
1Kor  
9,9;  
Lk 10,7

Dtw  
17,6;  
2Kor  
13,1;  
Mt  
18,16

2Tm 1,6  
 twa temwen. <sup>20</sup>Sa ki antò yo, korije yo devan tout moun, dekwa pou rès yo gen krentif. <sup>21</sup>Mwen pale w serye devan Bondye ak Jezi Kri, ak zanj yo chwazi yo, pou w kenbe tout bagay sa yo, san jijman ki pa gen fondman, san patipri. <sup>22</sup>Pa prese poze men sou tèt pèsonn, pou w pa patisipe nan peche lòt moun. Kenbe tèt ou pwòp.

Mt 5,16; 10,26  
<sup>23</sup>Sispann bwè dlo sèlman, pran yon ti diven poutèt lestomak ou, ak fèblès ou gen souvan yo. <sup>24</sup>Gen moun peche yo parèt tout aklè, anvan menm yo jije yo. Genyen menm se apre. <sup>25</sup>Se konsa, bon zèv parèt aklè, men sa yo ki yon lòt fason, yo pa kapab rete kache.

### Sou esklav yo

1Kor 7,21; Kol 3,22; Tit 2,9; Wm 2,24  
**6** <sup>1</sup>Tout moun ki anba jouk esklavaj la, dwe gade pwòp mèt yo tankou moun ki merite tout respè, pou moun pa derespekte ni non Bondye, ni laverite y ap montre yo. <sup>2</sup>Esklav ki gen moun ki gen lafwa pou mèt yo, pa dwe manke moun sa yo dega, poutèt yo se frè. Men pito yo sèvi yo byen, paske sila yo ki resevwa sèvis yo a se moun ki gen lafwa, epi yo renmen yo anpil.

### Pwofesè laverite ak pwofesè manti

Gal 1,8; 2Tm 1,13  
 Se bagay sa yo ou dwe montre, e ou dwe ankouraje yo fè. <sup>3</sup>Si yon moun montre lòt bagay, si l pa rete kole sou bon pawòl solid, ki sòti bò kote Jezi Kri, Granmèt nou an, ak sou laverite ki montre nou renmen sèvi Bondye, <sup>4</sup>moun sa a plen lògèy, li pa konprann anyen. Li malad nan plede mande kesyon ak nan vye diskisyon. Sa fè vin

gen lanvi, gen de kan ki nan batay, gen joure, ak moun youn sispèk lòt mal, <sup>5</sup>diskisyon moun lespri koronpi, ki pa nan laverite, ki mete nan tèt yo renmen sèvi Bondye bay lajan. <sup>6</sup>Renmen sèvi Bondye bay gwo lajan, wi, men sa fèt lè yon moun kontan ak sa li genyen. <sup>7</sup>Reyèlman vre, nou pa vini ak anyen sou tè a, nou pa kapab ale ak anyen. <sup>8</sup>Depi nou gen manje ak rad, se pou nou kontan ak sa. <sup>9</sup>Moun ki vle rich yo, yo tonbe nan tantasyon, yo pran nan pyèj, ak yon pakèt lanvi ki pa gen sans, epi ki fè moun ditò. Se yo menm ki koule moun nan fon jis moun yo pèdi epi yo peri. <sup>10</sup>Reyèlman vre, rasin tou sa ki mal, se renmen lajan. Gen kèk moun ki kite lanvi sa a pran tèt yo, yo vire dobay lafwa yo, epi yo bay pwòp tèt yo anpil soufrans.

### Bon batay pou lafwa

Jn 18,36  
<sup>11</sup>Ou menm, moun pa Bondye, bò kote pa w, wete kò w nan bagay sa yo. Men kouri dèyè lavi kòrèk, renmen sèvi Bondye, lafwa, renmen, pasyans, ak bon jan. <sup>12</sup>Batay bon batay lafwa a. Epi lavi ki p ap janm fini an, met men sou li, se ladan yo te rele w, epi se pou li ou te fè bèl deklarasyon w devan yon pakèt temwen. <sup>13</sup>Mwen mande w, devan Bondye ki bay tout bagay lavi, ak devan Jezi Kri ki te sèvi temwen epi ki te fè bèl deklarasyon l devan Pons Pilat, <sup>14</sup>kenbe kòmandman an san tach, san repwòch, jis lè Granmèt nou an, Jezi Kri, va parèt. <sup>15</sup>Se sa nan pwòp tan pa li l ap montre nou,

**6,3-10:** Laverite ki sòti nan Jezi Kri a pa ka aksepte pou moun fè reliyon an tounen yon mwayen pou yo fè lajan. Lanvi richès rann moun esklav lajan. Nenpòt ki pawòl ki ankouraje moun pou yo lanvi richès, fè kreyen yo fè bak nan chemen Jezi Kri a. Li pa patizan Jezi Kri ankò. Moun ki fè lafwa l chita sou lanvi richès la, tounen yon maladi pou kominote a, se sa ki fè tout chire pit, bay manti ak koripsyon antre nan kominote a.

**6,11-16:** Moun pa Bondye toutbon an se

moun ki pa kite lajan an pran tèt li. Li viv ak sa ki nesèsè, yon fason tou senp, nan pataj, nan solidarite ak nan kè kontan. Yon sèl bagay ki konte pou li, se angajman li te pran ak laverite ki sòti nan Jezi Kri. Lafwa nou chita sou Jezi Kri sèl Wa a. Pa gen lòt fondman pou lafwa kreyen an. Se sa ki Tradisyon Apot yo toutbon vre.

**6,15:** Se yon bèl lwanj pou Jezi Kri ki sòti petèt nan yon chante Legliz.

Dtw 10,17; Sòm 136,3; Ap 17,14

## 1 TIMOTE 6

li menm ki byen toutbon vre a, e ki  
sèl Otorite a,  
li menm ki Wa tout wa, e Granmèt  
tout mèt,

<sup>33,20;</sup>  
<sup>Jn 1,18</sup> <sup>16</sup>li menm sèl ki pa kapab mouri,  
ki abite nan yon limyè kote yo pa  
kapab pwoche.

Okenn moun pa wè l, ni tou, yo pa  
kapab wè l.

Onè ak pouvwa se pou li  
pou toutan. Amèn.

<sup>Lk</sup>  
<sup>12,16</sup> <sup>17</sup>Mande moun ki rich nan tan n ap  
viv kounye a, pou yo pa monte kòlèt  
yo, pou yo pa mete lespwa yo nan

richès ki san garanti, men nan Bondye,  
ki ban nou tout bagay an kantite pou  
nou jwi yo. <sup>18</sup>Mande yo fè sa ki byen, <sup>Mt 6,20</sup>  
pou yo vin rich ak bon zèv, pou yo ren-  
men bay, ak pou yo renmen separe.  
<sup>19</sup>Konsa y ap ranmase, pou tèt yo, yon  
bon fondasyon pou demen, dekwa pou  
yo gen lavi toutbon vre a.

<sup>20</sup>Timote o, veye sa yo ba w kenbe  
a. Evite pawòl initil, e ki derespekte  
Bondye, ak tout vye diskisyon ki pa  
konesans toutbon vre. <sup>21</sup>Gen kèk moun, <sup>2Tm</sup>  
poutèt se sa y ap okipe, yo kite chemen <sup>2,18</sup>  
lafwa.

Favè a ak nou. Amèn.

---

**6,17-19:** Pou moun rich yo kapab antre nan chemen Jezi Kri a, fòk yo aprann separe lajan yo genyen. Se konsa yo ka lage sèvis zidòl lajan an, pou yo ka antre nan sèvis Bondye vivan an. Bondye gen yon pwojè lavi pou tout moun. Li te kreye tout byen yo pou tout moun ki sou latè beni. Moun rich yo ki plen richès, fè enjistis kont pwòp frè ak sè parèy yo, paske yo pran, pou tèt yo, sa Bondye bay pou nou tout. Men Bondye rele yo pou yo antre nan chemen Levanjil Jezi

Kri a, pou yo pa mete konfyans yo nan richès yo, pou separe byen sa yo ak moun pòv yo. Nan pataj y ap swiv Jezi toutbon (Mak 10,17-22).

**6,20:** Youn nan wòl pi enpòtan reskonsab kominote a se veye sou eritaj lafwa a, jan li te resevwa l la, pou li kapab pase l bay moun l ap dirije nan konesans laverite Levanjil la. Fòk li veyatif pou trezò sa a, pou l pa kite okenn vye koze san valè, san fondman vin atake l, ni gate l.



## DEZYÈM LÈT POU TIMOTE

### **PREMYE KOZE**

Dezyèm lèt pou Timote a pale sou menm koze ak premye lèt pou Timote ak lèt pou Tit la, dezyèm lèt pou Timote a pi pèsònèl pase lòt yo. Moun ki ekri l di li se Pòl ki nan prizon yon lòt fwa ankò. Apot la santi li pou kont li, okenn moun pa defann li nan tribinal la, l ap konte jou pou l mouri, epi li pare pou l mouri mati. Anvan lanmò a, li vle wè «pitit li renmen an», Timote, epi ankouraje l nan misyon li. Se yon moun sansib (2Tm 1,4). Nou konnen grann Timote, Loyis epi manman li Enis (2Tm 1,5) te fè katechis pou Timote epi yo te montre l Pawòl Bondye a.

### ***Kilès ki ekri lèt sa a ?***

Menm jan ak premye lèt pou Timote a, gen moun ki kwè se pa Pòl, men se kèk patizan l ki te ekri lèt sa a. Se pou menm rezon nou te wè nan premye lèt pou Timote a. Men nou kwè, jan nou te di sa deja nan premye lèt pou Timote a, li ta posib tou pou Pòl te pran prizon de fwa nan vil Wòm. Dezyèm lèt pou Timote a li byen kapab te ekri l nan dezyèm kout prizon li te pran an. Lè sa a yo te kondane Pòl epi li te santi dènye jou l yo rive (2Tm 4,6).

### ***Sa ki nannan mesaj lèt sa a ?***

- Se kèk gwo lide tankou :
- Wòl fanmi nan pase lafwa a youn bay lòt (2Tm 1,5)
- Yon temwen Jezi Kri gen pou l souffri poutèt lafwa l (2Tm 3,13)
- Yon kretyen pa dwe pran nan pyèj fo laverite lòt moun ap simaye deyò a, men li mache nan Legliz la ap montre moun. Lè sa a li sanble ak moun ki bati kay li sou bon fondasyon (2Tm 2,14-19)
- Nan dènye tan yo, fo pwofesè, fo pwofèt ak fo laverite pral fin debòde (2Tm 3,1-5)
- Pòl nan prizon pou kont li. Li pare pou l bay lavi l (2Tm 4,6-8).

### ***Men chapant dezyèm lèt pou Timote a :***

- Bonjou (1,1-2)
- Se pou nou di Bondye mèsè (1,3-5)
- Nou pa wont Levanjil Jezi Kri a (1,6-18)
- Se pou nou souffri ak kouraj pou Levanjil la (2,1-26)
- Anons sou dènye jou yo (3,1-9)
- Kèk konsèy pou Timote ak orevwa (3,10-4,22)

**Bonjou ak mèsì**

**1** Pòl, apot Jezi Kri grasa volonte Bondye, dapre pwomès lavi ki nan Jezi Kri a, <sup>2</sup>pou Timote pitit mwen renmen an : favè, kè sansib, ak kè poze ki sòti nan Bondye, Papa a, ak nan Jezi Kri, Granmèt nou an.

<sup>3</sup>Mwen di Bondye mèsì, li menm m ap sèvi menm jan ak zansèt mwen yo, ak konsyans mwen pwòp lè mwen sonje w, san rete, nan lapriyè m, lajounen tankou lannwit. <sup>4</sup>Lè mwen sonje jan w t ap kriye, se pa ti lanvi m lanvi wè w, pou kè m kapab kontan nèt. <sup>5</sup>Mwen sonje lafwa ki pa nan ipokrit ou genyen an. Se kalite lafwa sa a grann ou, Loyis, te genyen an premye, epi manman w, Enis. Mwen sèten se menm lafwa a ki nan ou tou.

**Favè Timote resevwa**

<sup>6</sup>Se pou rezon sa a m ap fè w sonje pou w chofe kado Bondye ki nan ou a grasa men mwen te poze sou tèt ou a. <sup>7</sup>Reyèlman vre, Bondye pa ban nou yon lespri laperèz, men yon lespri fòs, renmen ak kontwòl tèt nou. <sup>8</sup>Konsa pinga ou wont sèvi Granmèt nou an temwen, pinga ou wont mwen non plis, mwen menm ki prizonye l. Men, patisipe nan soufrans pou Bon Nouvèl la, dapre fòs Bondye a. <sup>9</sup>Li menm ki sove nou epi ki rele nou yon fason ki sen. Se pa poutèt zèw nou yo, men dapre pwòp lide pa l ak favè li te ban nou nan Jezi Kri, depi anvan toutan. <sup>10</sup>Favè sa a parèt aklè kounye a, nan parèt Sovè nou Jezi Kri parèt la, li menm ki detwi lanmò, e ki klere lavi a, ak pouvwa pou

pa janm mouri a, grasa Bon Nouvèl la. <sup>11</sup>Se nan sèvis Bon Nouvèl sa a yo mete mwen menm kòm mesaje, apot ak pwofesè.

**Soufrans Pòl ki nan prizon**

<sup>12</sup>Se rezon sa a ki fè m ap soufri tout bagay sa yo. Men mwen pa wont. Reyèlman vre, mwen konnen nan kilès mwen mete lafwa mwen e mwen sèten li kapab veye sou sa li te ban m kenbe a, pou jou sa a. <sup>13</sup>Bon pawòl ou te tande nan bouch mwen yo, pran yo pou modèl nan lafwa ak nan renmen ki nan Jezi Kri a. <sup>14</sup>Mwen pale w serye devan Bondye: Veye sou bèl bagay li te ba w kenbe a ak konkou Lespri Sen an ki abite nan nou. <sup>15</sup>Ou konn sa : tout moun Lazi yo vire do ban mwen. Ladan yo gen Fijèl ak Èmojèn. <sup>16</sup>Se pou Granmèt la gen pitye pou fanmi Onezifò, paske li konsole m divès fwa, epi li pa t wont chenn mwen yo. <sup>17</sup>Okontrè, rive li rive Wòm, li touye tèt li pou chèche mwen, jistan li jwenn mwen. <sup>18</sup>Se pou Granmèt la fè l jwenn pitye bò kote Granmèt la jou sa a. Se ou ki konnen tout sèvis li te rann nan vil Efèz pi byen.

**Yon bon sòlda Jezi Kri**

**2** Ou menm menm, pitit mwen, pran fòs nan favè Jezi Kri a. <sup>2</sup>Sa ou te tande nan bouch mwen, devan anpil temwen, se yo pou w mete nan men moun serye ki va kapab montre lòt moun sa tou. <sup>3</sup>Pran pòsyon soufrans pa w kòm yon bon sòlda Jezi Kri. <sup>4</sup>Okenn sòlda ki nan sèvis pa antre nan aktivite lavi a, pou li kapab fè moun ki te

**1,1-5** : Se pou nou gade bèl travay yon fanmi kapab fè pou li pase eritaj lafwa a bay pitit yo. Se sa manman ak grann Timote te fè. Premye leson katechis kòmmanse nan fanmi.

**1,12** : Moun ki travay pou fè Levanjil la gaye toutpatou pa bezwen wont devan pèsèkasyon y ap soufri. Vokasyon kreyen an se yon kado Bondye ban nou. Favè li a se yon favè nou resevwa gratis epi se grasa kado sa a nou kapab patisipe nan Plan Lavi Bondye genyen an.

**1,14** : «veye sou bèl bagay li te ba w kenbe a.» Gade esplikasyon sou 1Tm 6,20.

**2,1-7** : Nan premye misyon yo, nou te wè Pòl t ap kase tèt li pou l mete reskonsab nan chak kominote (Travay 14,23 ; Tit 1,6). Moun sa yo dwe gen kapasite pou kenbe lafwa a. Prensipal misyon Legliz la se fè tout moun konnen Bondye toutbon, Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an ak Pwojè lavi li genyen an pou tout moun. La a nou jwenn twa konparezon pou li montre nou,

Eb  
2,14;  
1Tm  
2,7

1Tm  
6,20

4,16

1Kor  
9,7;  
9,25

anwole li a plezi. <sup>5</sup>Si yon atlèt ap batay pou l chanpyon, li p ap resevwa kouwòn lan, si li pa batay dapre règleman yo. <sup>6</sup>Se kiltivatè ki travay di a ki dwe jwenn nan fwi rekòt la, an premye. <sup>7</sup>Konprann sa m ap di a. Reyèlman vre, Granmèt la va ba ou bon konprann nan tou sa. <sup>8</sup>Sonje Jezi Kri ki leve byen vivan sòti nan pami mò yo, li menm ki sòti nan ras David, dapre Bon Nouvèl m ap bay la, <sup>9</sup>e ki fè m ap soufri jis yo mare m nan chenn, tankou malfektè. Men Pawòl Bondye a pa mare. <sup>10</sup>Se poutèt sa, m ap sipòte tout bagay pou sila yo Bondye chwazi, pou yo menm tou yo jwenn delivrans ki nan Jezi Kri a, ansanm ak glwa ki p ap janm fini an. <sup>11</sup>Men yon pawòl serye, e ki merite yo aksepte l toutbon nèt :

Reyèlman vre, si nou mouri ansanm ak li,

n ap viv ansanm ak li tou.

<sup>12</sup>Si nou sipòte ansanm ak li, n a kòmande kòm wa ansanm ak li tou. Si nou rejte li, li menm tou li va rejte nou.

<sup>13</sup>Si nou pa kenbe pawòl nou, li menm li toujou kenbe pawòl li, paske li pa kapab trayi pwòp tèt li.

#### Yon travayè yo fè konpliman

<sup>14</sup>Fè moun yo sonje bagay sa yo, antan w pale yo serye devan Bondye, pou yo pa antre nan diskisyon sou pawòl. Sa pa itil anyen, sòf mete moun k ap koute yo tèt anba. <sup>15</sup>Fè jefò pou Bondye konsidere w, pou w vin yon

travayè ki pa gen anyen pou li wont, yon moun k ap bay pawòl laverite a yon fason dwat. <sup>16</sup>Men evite pawòl initil e ki derespekte Bondye. Reyèlman vre, koze sa yo ap fè moun antre pi fon nan pa renmen sèvi Bondye. <sup>17</sup>Pawòl sa yo se tankou gangrenn k ap gaye. Pami moun sa yo gen Imene ak Filèt. <sup>18</sup>Yo lwen laverite a, lè yo di leve vivan sòti nan lanmò se yon bagay ki fin rive deja, epi y ap fè lafwa kèk moun chavire. <sup>19</sup>Men ak tou sa, fondasyon Bondye mete a kanpe solid, e li make ak so sa a: *Granmèt la konnen kilès ki pou li*. Epi chak moun ki nonmen non Granmèt la, se pou yo kanpe lwen sa ki pa kòrèk. <sup>20</sup>Nan yon gwo kay, se pa veso lò ak ajan sèlman ki genyen, men gen veso bwa ak tè kwit tou. Yo mete yon pòsyon nan sèvis pi siperyè, yon lòt pòsyon nan sèvis pi òdinè. <sup>21</sup>Konsa si yon moun kenbe kò l pwòp, lwen tout bagay sa yo, l a yon veso pou sèvis siperyè, yo mete apa pou sèvis Mèt li, epi ki pare pou fè tout kalite bon zèv. <sup>22</sup>Kouri kite move tandans jèn moun yo genyen. Men kouri dèyè yon lavi kòrèk, dèyè lafwa, renmen, kè poze, ansanm ak moun ki rele Granmèt la ak kè yo pwòp. <sup>23</sup>Evite tout vye kesyon sòt, ki pa gen sans, paske w konnen sa mennen kont. <sup>24</sup>Men yon sèvitè Granmèt la pa dwe nan chèche kont, li fèt pito pou li gen bon jan ak tout moun. Li fèt pou li konn montre moun anpil bagay, e pou li kenbe nan soufrans. <sup>25</sup>Se ak bon jan pou li korije

T Ap  
13,30;  
Wm 1,4

Ef 3,1;  
Fp 1,12

Wm  
8,17;  
Mi  
10,33

1Kor  
1,9;  
Res  
23,19

Tit 2,7;  
1Tm  
4,7

1Tm  
6,21

Res  
16,5;  
16,26

Wm  
9,21

1Tm  
3,2

moun ki swiv Jezi Kri dwe chwazi, ak tout fòs li, swiv Jezi, tankou nenpòt ki sòlda ki antre nan lame (v. 4). Li gen pou soufri menm jan ak Jezi, e li aksepte sa deja kòm règleman, pou l swiv Jezi, tankou yon moun ki fè espò konnen tout règ jwèt la (v. 5). Konsa, y ap patisipe nan leve byen vivan Jezi a, tankou yon peyizan ki manje sa tè li travay la pral donnen an (v. 6).

Temwen Kris la ki pote viktwa a se sa ki kenbe lespwa ak lafwa a fèm. Li pral montre li gen kouraj, e li gen fòs, l ap fè lòt yo gen konviksyon poutèt konviksyon pa l.

**2,8-13** : Yo site yon chante yo te konn chante

nan sèvis litiji (v. 11-13). Nan chante sa a, komi-note kretyen an sonje li dwe pran yon angajman toutbon ak Levanjil la, e li dwe kadre lafwa l ak lavi l.

**2,18** : Sa te difisil nan tan sa a pou moun aksepte lafwa nan leve byen vivan an, menm jan sa ye jodi a, e anpil moun te eseye konprann pawòl la, san yo pa mete nan tèt yo Bondye Jezi Kri a se yon Bondye ki depase tout lide nou. Petèt, moun yo nonmen non yo la a te di te gen leve byen vivan nan batèm nan, e yo pa bezwen espere yon lòt leve byen vivan ankò apre lanmò yo.

moun ki pa dakò ak li, sizoka Bondye fè kè yo chanje, pou yo konnen laverite a, <sup>26</sup>pou yo tounen wè klè, pou yo sòti nan pèlen dyab la, ki te kenbe yo prizonze pou yo te fè volonte l.

### Danje ki pral rive nan dènye tan an

<sup>1Tm 4,1</sup> **3** <sup>Wm 1,29</sup> <sup>Mt 7,15</sup> <sup>1</sup>Konnen sa byen: nan dènye jou yo, pral gen moman difisil. <sup>2</sup>Moun yo pral renmen tèt yo sèlman, yo pral kouri dèyè lajan, yo pral grandizè, awogan, renmen joure Bondye, rebèl ak paran yo, engra, lènmi larelijyon, <sup>3</sup>san santiman, san pitye, renmen akize lòt, san kontwòl, dechennen, lènmi tou sa ki byen, <sup>4</sup>trèt, enferyè, gran chirè, renmen plezi plis pase renmen Bondye. <sup>5</sup>Otan yo gen aparans sèvi Bondye, otan yo pa kwè nan fòs li. Moun konsa, evite yo. <sup>6</sup>Reyèlman vre, gen pami yo ki fofile kò yo nan kay moun, yo pran tèt medam ti lespri yo ki plen peche, ak yon bann move tandans k ap mennen yo. <sup>7</sup>Se toutan y ap aprann, men yo pa kapab rive konnen laverite a. <sup>8</sup>Menm jan Janès ak Janbrès te leve kont Moyiz, se konsa tou, moun sa yo leve kont laverite a. Se moun lespri yo fin gate, lafwa yo chode. <sup>9</sup>Men yo p ap rive pi lwen, paske foli yo a pral parèt aklè pou tout moun, menm jan sa te rive pou foli lòt moun sa yo.

### Konpòtman Timote dwe genyen

<sup>10</sup>Ou menm, ou te swiv mwen nan tou sa mwen te montre, nan konpòtman mwen, nan pwojè mwen, nan lafwa mwen, nan pasyans mwen, nan

renmen ki nan kè m, nan kenbe fèm mwen, <sup>11</sup>nan pèsekisyon, nan soufrans tankou sa ki rive m Antyòch, lkonyòm ak Lis. Ki kalite pèsekisyon mwen pa jwenn ! Men Granmèt la rale mwen sòti nan tout. <sup>12</sup>Tout moun ki vle viv, ak respè pou Bondye nan Jezi Kri, pral jwenn pèsekisyon. <sup>13</sup>Kanta moun ki pa bon yo, mèt mantè yo, y ap vin pi mal. Y ap twonpe moun, epi moun ap twonpe yo tou. <sup>14</sup>Kanta ou menm, kenbe fèm nan sa w te aprann yo, ak nan sa ou kwè ladan toutbon yo. Ou konnen nan men ki moun ou te aprann yo. <sup>15</sup>Se depi timoun ou te konnen Liv ki sakre yo, ki kapab ba w bon konprann, pou w sove, grasa lafwa ou genyen nan Jezi Kri a. <sup>16</sup>Se nan souf Bondye tou sa ki ekri nan Liv la sòti. Li sèvi pou montre moun, pou konbat erè, pou korije moun ak pou montre moun viv kòrèk. <sup>17</sup>Konsa moun pa Bondye a fin anfòm nèt, li pare pou tout bon zèv.

### Sa Timote dwe fè

**4** <sup>1</sup>Mwen pale w serye devan Bondye, ak devan Jezi Kri ki pral jije ni moun ki vivan, ni moun ki mouri, nan parèt li gen pou l parèt ak pouvwa Wa li a: <sup>2</sup>preche Pawòl la, preche l rèd, moman an te mèt bon, li te mèt pa bon, konbat lerè, pale rèd, ankouraje nan montre anpil bagay ak anpil pasyans. <sup>3</sup>Reyèlman vre, yon lè pral rive kote moun yo p ap sipòte yo montre yo bagay solid ankò. Men yo pral ranmase yon bann pwofesè, dapre pwòp lanvi pa yo. <sup>4</sup>Epi yo pral detou-

**3,1** : Menm prezans sa ki mal la nan Legliz la pa dwe fè nou sezi (1Tm 4,1).

**3,8** : Janès ak Janbrès, dapre sa pèp jwif la te konn di, se te de majisyen ki t ap plede ak Moyiz nan fè mèvèy devan Farawon (Egzòd 7,11-12).

**3,14-17** : Meditasyon sou Bib la se pi bon mwayen pou fè lafwa nou vin dyanm. Lè yo t ap ekri pawòl sa yo, Bib la se te sitou Ansyen Kontra a, men Legliz la te gen plizyè levanjil ak kèk lèt Pòl, e li te deja konsidere yo kòm «Pawòl ekri ki sen» (1Pyè 3,6). Lekti Bib la mache ansanm ak «Tradisyon Apot yo» ki menm «Tradisyon» Leg-

liz la. Se yon fason pou nou konprann Bib la pi byen, menm jan Jezi te montre apot li yo yon nouvo fason pou yo tounen li istwa ki sen an (Lik 24,13-35). Nou menm, sa n ap chèche nan Pawòl ki ekri yo? Mesaj Bondye te bay pèp li a, oswa yon swadizan rezon pou nou jwenn avantaj pèsònèl? Nou dwe sonje sitou, Pawòl Bondye a se nouriti toutbon pou lafwa a. Li itil, pa sèlman pou montre moun, men lekti Bib la bay kretyen yo favè Bondye tankou yon sakreman. Okenn prèch, okenn katechis, pa kapab ranplase lekti ak meditasyon Pawòl Bondye a nan kesyon devlope lafwa.

T Ap  
13 50;  
14 5;  
14 19

Jn  
15,20;  
1 Tes  
3,4;  
T Ap  
14,22

2Pyè  
1,21;  
Wm  
15,4

1Tm  
4,1

nen zòrèy yo, lwen laverite a, yo pral vire yo kote y ap rakonte istwa.<sup>5</sup> Kanta ou menm, rete byen veyatif nan tout bagay, kenbe nan soufrans, fè travay preche Bon Nouvèl la, fè sèvis ou byen nètale.

**Pòl santi li rive nan dènye bout lavi l sou tè a**

<sup>6</sup>Reyèlman vre, mwen menm, yo vide mwen deja kòm yon bwason nan sèvis. Lè pou m ale a rive.<sup>7</sup> Mwen menmen bon batay la, mwen fin fè kous la, mwen kenbe lafwa.<sup>8</sup> Se konsa tou, kouwòn lavi kòrèk la pare pou mwen, se Granmèt la ki va ban mwen li jou sa a, li menm ki yon jij kòrèk. Men se p ap pou mwen sèlman, se pou tout moun ki te renmen jou pou Li parèt la.

**Dènye konsèy pou Timote**

<sup>9</sup>Prese vin jwenn mwen touswit,<sup>10</sup> paske Demas lage m. Li pi renmen bagay tan kounye a. L al Tesalonik. Kresans al Galasi, Tit al Dalmasi.<sup>11</sup> Se sèl Lik ki rete ak mwen. Pran Mak menmen l avè w. Li va byen itil mwen pou sèvis la.<sup>12</sup> Mwen voye Tikikòs Efèz.<sup>13</sup> Manto mwen te kite Twowas, lakay

Kapòs la, lè w ap vini, pote l pou mwen ansanm ak liv yo, sitou woulo po yo.

<sup>14</sup>Aleksann, òfèv la, fè mwen anpil mal. Granmèt la ap ba li sa li merite dapre zèv li.<sup>15</sup> Pran prekosyon w ak li, ou menm tou. Reyèlman vre, li te fè rèd ak pawòl nou yo.

<sup>16</sup>Premye fwa mwen t ap defann tèt mwen an, pèsonn pa t kanpe pou mwen, men tout moun te lage m. Mwen mande pou yo pa fè yo peye sa.<sup>17</sup> Granmèt la menm te kanpe pou mwen, li te ban mwen fòs, dekwa pou grasa mwen, mesaj la fin simaye nètale, epi tout pèp etranje yo tandè l. Mwen te delivre sòti nan bouch lyon an.<sup>18</sup> Granmèt la ap delivre m anba tout move zèv, l ap sove m, pou Peyi kote li wa nan syèl la. Glwa pou li pou toutan san rete. Amèn

**Dènye bonjou**

<sup>19</sup>Di Priska ak Akilas bonjou, ansanm ak tout kay Onezifò.<sup>20</sup> Eras rete Korent. Mwen kite Twofim malad Milè.<sup>21</sup> Prese vini anvan sezon fredy a. Eboul, Poudès, Len, Klodya, ak tout frè yo, voye bonjou pou ou.<sup>22</sup> Se pou Granmèt la ak lespri w, se pou favè li ak nou.

Pwv  
24,12;  
1Tm  
1,20

Mt  
10,19;  
Flp  
1,19;  
Sòm  
22,22

Dan  
6,23

T Ap  
18,2

T Ap  
19,22;  
20,4

**4,21-22:** Lè Pòl ekri yon lèt pou yon kominote, yo te konn li l nan sèvis lapriyè ak nan litiji. Poutèt sa, li swete favè Bondye pou tout moun ki nan kominote a.